

# LIS VERIFIKASYON POU VIZIT KAY DOKTÈ:



## Pou Fanm ki Ansent Ki Vwayaje nan yon Zòn ki gen Zika\*

Si ou ansent epi ou te vwayaje nan yon zòn ki gen Zika pandan ou ansent la oswa jiska 8 semèn anvan ou ansent, fòk ou pale ak pwofesyonèl swen sante ou a, menm si ou pa santi ou malad.

Pote lis verifikasyon sa a lè w al nan randevou a pou w ka sèten ou pa bliye diskite okenn bagay enpòtan.



### Men kèk sijè ak kesyon ou kapab vle diskite ak pwofesyonèl swen sante ou a:

#### ENFOMASYON POU OU PATAJE:

- ✓ Ki lè ou te vwayaje nan yon zòn ki gen Zika?
  - Ki kote ou te ale?
- ✓ Nan ki trimès ou te ye nan gwosès ou a lè ou te vwayaje nan zòn ki gen Zika a?
- ✓ Èske ou te gen nenpòt sentòm Zika pandan vwayaj ou a oswa nan lesplas 2 semèn apre ou te retounen?
  - Sentòm ki pi komen Zika yo se lafyèv, gratèl, doulè nan jwen, ak konjonktivit (je wouj).
- ✓ Èske patnè ou te ale nan yon zòn ki gen Zika a?
  - Ki lè ak ki kote patnè ou te vwayaje?
  - Eske patnè ou te gen okenn siy oswa sentòm Zika (ki gen ladann lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, oswa je wouj lè li te nan vwayaj la, oswa lè li retounen?

#### KESYON POU POZE:

- ✓ Èske ou dwe al fè tès pou viris Zika a?
    - Si ou gen sentòm Zika yo, ou dwe fè tès nan yon espas de semèn apre sentòm yo te kòmanse.
    - Nan kèk ka, menm si ou pa gen sentòm Zika yo, yo ka ofri ou yon tès Zika.
  - ✓ Èske ou bezwen yon sonografi?
  - ✓ Èske ou bezwen yon referans pou ale kay yon doktè espesyalis pou manman ak fetis oswa yon obstetrik espesyalis nan anpil risk??
  - ✓ Kijan ou kapab evite bay viris Zika a nan fè sèks?
- Asire ou ke ou mande nenpòt ki lòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen sou Zika avèk gwosès ou?

\* Tcheke <http://www.cdc.gov/travel/notices/> pou dènye rekòmandasyon sou vwayaj.

### Lis Resous:

- Zòn ki gen Viris Zika yo: [wwwnc.cdc.gov/travel/page/zika-information](http://wwwnc.cdc.gov/travel/page/zika-information)  
 Reyalite sou Mikwosefali: [www.cdc.gov/ncbddd/birthdefects/microcephaly.html](http://www.cdc.gov/ncbddd/birthdefects/microcephaly.html)  
 Viris Zika avèk Gwosès: [www.cdc.gov/zika/pregnancy/index.html](http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/index.html)  
 Fanm Ansent: Kòman Pou Pwoteje Tèt ou: [www.cdc.gov/zika/pregnancy/protect-yourself.html](http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/protect-yourself.html)  
 Sit entènèt pou Manman-a-Bebe: [www.mothers-to-baby.org/](http://www.mothers-to-baby.org/)  
 Prevansyon Viris Zika a: [www.cdc.gov/zika/prevention/index.html](http://www.cdc.gov/zika/prevention/index.html)  
 Zika avèk Transmisyon Seksyèl: [www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html](http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html)



**U.S. Department of Health and Human Services**  
 Centers for Disease Control and Prevention

